



Men 3 fason ou kapab vote nan Eleksyon Jeneral kap vini an...

1. BILTEN VÒT-NAN-LAPÒST



Elektè ki anrejistre yo kapab fè demand pou resevwa yon bilten pou vote nan lapòst ki rele vòt-nan-lapòst lè yo swiv enstriksyon yo ki nan sit **VOTE.NJ.GOV** oubyen lè yo kontakte grefye konte an ki rele County Clerk.

Lè ou fini, VOTE epi RANVWAYE bilten ou an pa youn nan mwayen sa yo...

- *Nan Lapòst:* Bilten vòt-nan-lapòst ou an **DWE** genyen sou li kachè lapòst ki make **8 p.m. oubyen pi bonè nan dat 2 novanm** epi se pou yo resevwa li nan komisyon elektoral ki rele Board of Elections lan nan dat 8 novanm oubyen avan sa.
- *Bwat Depo Sekirize:* Depoze bilten vòt-nan-lapòst ou an nan youn nan bwat depo sekirize nan konte ou an pou pi ta nan dat 2 novanm a 8:00 p.m. Ou kapab jwenn lokal kote bwat depo yo ye nan sit **VOTE.NJ.GOV**.
- *Biwo Board of Elections:* Depoze bilten vòt-nan-lapòst ou an an pèsòn nan Biwo Komisyon Elektoral pou konte ou an pou pi ta nan dat 2 novanm a 8:00 p.m. Enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Elektoral Konte yo disponib nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

2. VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN



Nouvo opsyon sa a pèmèt tout elektè ki enskri pou vote yo depoze bilten yo **an pèsòn, lè yo sèvi avèk yon machin te pou vote, pandan yon peryòd nèf (9) jou ki vini avan Jou Eleksyon an**. Ou kapab chwazi kijan ou pral vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

Kelkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt nan sit ki deziyen pou eleksyon antisipe an pèsòn nan konte **pa ou**. Jwenn sit ki nan konte ou an nan adrès **VOTE.NJ.GOV**.

Sit pou vòt antisipe an pèsòn yo pral louvri **samdi 23 oktòb pou jis dimanch 31 oktòb**. Lè ouvèti yo pral **lendi-samdi, 10:00 a.m.-8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m.-6:00 p.m.** Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.


3. NAN BIWO VÒT OU PANDAN JOU ELEKSYON AN



Vote an pèsòn nan biwo vòt ou, ki louvri depi 6:00 nan maten jis 8:00 nan aswè nan **Jou Eleksyon an ki se 2 novanm**. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

Ale nan adrès entènèt **VOTE.NJ.GOV** ou jwenn biwo vòt pa ou, ki sou paj Polling Locations oubyen Kote pou Vote yo.

NÒT: Bilten pou Vote-nan-lapòst yo **PA KAPAB** depoze nan sit vòt antisipe ni nan biwo vòt yo.



Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov